

**PANEURAPAN MÉTODE DEMONSTRASI PIKEUN NGAWANGUN
KAPERCAYAAN DIRI PASERTA DIDIK DINA PANGAJARAN NGABACA
PUI SI KELAS X SMKN 4 BANDUNG**

ku

MEIGI IMELDA

NIM 185030089

ABSTRAK

Pangajaran ngabaca puisi nyaeta bagian tina pangajaran ngapresiasi sastra, sakapeung peserta didik téh kurang nembongkeun sumanget na sabab kurangna minat kanu ngabacakeun sapertos puisi di payuneun kelas. Jadi, guru téh kedah ngalakukeun cara anyar sapertos nerapkeun metode pangajaran anu tepat sareung ngagumbirakeun kangge peserta didik di kelas. Panaliti kutertarik na hoyong ngalakukeun penelitian pangajaran ngabaca puisi anu nerapkeun metode demonstrasi nu aya maksud tujuanna nyaeta ngawun kapercayaan diri peserta didik kelas X SMKN 4 Bandung. Dina penelitian ieu téh metode penelitian anu panaliti anggé téh nyaeta metode kuantitatif anu disalaraskeun sareung téhnik observasi, angkét, sareung tes. Hasil panalungtikan téh nyaeta 1) Panaliti mampuh ngaronjatkeun hasil diajar maca puisi ku merhatikeun unsur batin sareung téhnik maca puisi peserta didik kelas X ku cara nerapkeun métode démonstrasi dina ngawangun rasa percaya diri peserta didik kelas X SMKN 4 Bandung. Hal ieu bisa dibuktikeun dina hasil skor anu atos dicapai ku panaliti dina ngarencanakeun jeung ngalaksanakeun pangajaran nilai na nyaeta 3,75. Panaliti berhasil ngaraih panelitian anu saé (A). 2) Rata-rata nilai pratés kelas ékspérimén nya éta 75,26, sedengkeun hasil kelas kontrol nya éta 73,7. Hasil postés pikeun kelas ékspérimén nya éta 85,00, sedengkeun hasil postés pikeun kelas kontrol nya éta 81,3. Bisa dicindekkeun yén larapna métode démonstrasi leuwih saé pikeun hasil diajar peserta didik kelas ékspérimén dina maca saja kalayan merhatikeun unsur-unsur batin puisi sareung téhnik maca puisi sareung rasa percaya diri leuwih sae batan kelas kontrol anu ngagunakeun métode head number together. 3) Aya bédana hasil diajar jeung kapercayaan diri paserta didik kelas ékspérimén dina pangajaran maca puisi dibandingkeun sareung kelas kontrol ngagunakeun métode head number together. Uji éféktivitas ieu ngagunakeun Uji Independent T-test sakumaha katingal dina tabél Uji-T kelas ékspérimén Rata-rata Mean na nyaeta 9,67 anu leuwih saé batan kelas kontrol. Bisa dicindekkeun yén métode démonstrasi leuwih éféktif dina ngawangun rasa percaya diri siswa dina maca puisi.

Kata Konci: *Pangajaran Maca Puisi, Percaya Diri, Métode Demonstrasi.*